दिन–मंगलवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–19.11.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

शिक्षा मंत्री सुनील कुमार कहलनि अछि जे शिक्षक लोकनिक स्थानांतरण आ पदस्थापनक वर्तमान नीति के एखन स्थगित कऽ देल गेल अछि। पटना मे पत्रकार लोकनि सँ बातचीत मे शिक्षा मंत्री कहलनि जे संप्रति ट्रांसफर आ पोस्टिंग नहि होयत आ शिक्षक लोकनि अपन वर्तमान विद्यालय मे सेवा देताह। ओ कहलनि जे शिक्षकक स्थानांतरण आब पांचो चरण मे आयोजित सक्षमता परीक्षा के पूरा हेबाक बादे कयल जायत। ओ ईहो स्पष्ट कयलनि जे जौं आवश्यकता होयत तऽ वर्तमान नीति मे परिवर्तन कयल जायत। विदित अछि जे पटना उच्च न्यायालय शिक्षक लोकनिक स्थानांतरण आ पदस्थापना पर रोक लगबैत राज्य सरकार के तीन सप्ताहक भीतर सभ बिंदु पर स्थिति स्पष्ट करबाक निर्देश देने छल।

---

राजगीर मे आयोजित एशियन महिला हॉकी चैंपियंस ट्रॉफी मे दोसर सेमीफाइनल मोकाबिला एखन भारत आ जापानक बीच खेलल जा रहल अछि। एहि सँ पूर्व पहिल समेफाइनल मे चीन मलेशिया के तीन–एक सँ हरा कऽ फाइनल मे पहुँचि गेल अछि। प्रतियोगिताक फाइनल मोकाबिला काल्हि खेलल जायत।

---

बिहार सरकारक शिक्षा विभाग मैथिली भाषा के शास्त्रीय भाषाक सूची मे सम्मलित करबाक लेल केन्द्र सरकार लऽग अपन अनुरोध पत्र पठा देलक अछि। राज्यसभा सदसय आ जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा एक पोस्ट मे ई जनतब दैत कहलनि जे मैथिली भाषा के शास्त्रीय भाषाक दर्जा भेटला सँ एकर संरक्षण आ संर्वधन के बल भेटत आ मैथिली भाषाक प्राचीन ग्रंथ मे निहित ज्ञान सँ दुनिया के अवगत कराओल जा सकत।

---

दरभंगाक सांसद गोपाल जी ठाकुर आइ नव दिल्ली मे केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारमण सँ भेट कयलनि। श्री ठाकुर आगामी उनतीस–तीस नवंबर के दरभंगा मे उद्यमिता विकास प्रोत्साहन कार्यक्रम  आ मिथिला सँ संबंधित आनो विषय के लऽकऽ वित्तमंत्री संग विचार–विमर्श कयलनि।

———————————————————

केन्द्रीय जलशक्ति मंत्रालय आइ विश्व शौचालय दिवसक अवसर पर हमारा शौचालय हमारा सम्मान नाम सँ तीन सप्ताह धरि चलयवला अभियान शुरू कयलक। एहि अभियानक उद्‌देश्य स्वच्छताक बुनियादी ढाँचा मे सुधार, व्यवहार परिवर्तन के बढ़ावा देब आ देश भरि मे शौचालयक कार्य क्षमता आ रखरखाव के बढ़ा कऽ सामुदायिक गौरव के मजगूत करब अछि। अभियान मे प्रतियोगिता आयोजित कयल जायत आ नागरिक लोकनि के सोशल मीडिया प्लेटफॉर्मक माध्यम सँ अपन स्वच्छता सफलताक किस्सा साझा करबाक लेल प्रोत्साहित कयल जायत। एम्हर, सुपौल मे उपविकास आयुक्त सुधीर कुमार द्वारा हमारा शौचालय हमारा सम्मान अभियानक शुभारंभ कयल गेल।

———————————————————

राज्य सरकार सशस्त्र सेना आ केन्द्रीय सशस्त्र पुलिस बलक शहीद कर्मीक लोकनिक निकटतम परिजन के देल जायवला अनुग्रह अनुदान राशि बढ़ेबाक निर्णय कयलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे आइ भेल कैबिनेटक बैसार मे एहि आशयक संग कुल नओ प्रस्ताव के मंजूरी देल गेल।

———————————————————

विधान परिषदक तिरहुत स्नातक सीट पर पांच दिसंबर के होबयवला उपचुनाव लेल आइ दाखिल नामांकन पत्रक जांच कयल जा रहल अछि। एक्कैस नवंबर धरि उम्मीदवार अपन नाम वापस लऽ सकैत छथि।

———————————————————

केन्द्र सरकार पच्चीस नवंबर सँ शुरू भऽ रहल संसदक शीतकालीन सत्र के सुचारू संचालन मे विभिन्न दलक बीच समन्वय बनेबाक लेल चौबीस नवंबर के सर्वदलीय बैसार बजौलक अछि। बैसार मे लोकसभा आ राज्यसभा मे विधायी काजक निष्पादन लेल सभ राजनीतिक दलक  प्रतिनीधि संग विचार–विमर्श कयल जायत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे पर्यावरण संरक्षण भावी पीढ़ी लेल अत्यंत आवश्यक अछि। ओ लोकसभ सँ पर्यावरण संरक्षण लेल आगां बढिकऽ काज करबाक अपील कयलनि। श्री कुमार आइ रोहतास जिलाक करगहर प्रखंड क्षेत्र अंतर्गत कुसही गाम मे समाजसेवी रामायण रायक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धांजलि देलनि आ पौधा रोपण सेहो कयलनि।

---

पछवा हवाक प्रभावक कारणे प्रदेशक अधिकांश भाग मे जाड़ बढ़ल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार अगिला दू दिन धरि प्रदेशक उत्तरी भाग मे अधिकांश ठाम सबेर मे मध्यम स्तरक कुहेस लागल रहत। जखनकि आन भाग मे मौसम शुष्क बनल रहत।

---

मधुबनी जिला मे विविध कारण सँ कांउसिलिंग प्रक्रिया मे सम्मिलित नहि भऽ सकल एक हजार एक सय चौबीस शिक्षकक कांउसिलिंग एक्कैस नवंबर सँ पच्चीस नवंबर धरि होयत। जिला शिक्षा पदाधिकारी जावेद आलम ई जनतब देलनि।

---

समाप्त